**दिन–शनिवार** **दिनांक–18.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विधानसभा चुनावक पहिल चरण लेल आइ नामांकन पत्रक जाँच करबाक काज पूरा कऽ लेल गेल। प्राप्त जनतबक अनुसार सारण जिलाक मढौरा विधानसभा क्षेत्र सँ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक प्रत्याशी सीमा सिंहक संग तीन आन उम्मीदवारक नामांकन रद्द कऽ देल गेल अछि। शेखपुरा विधानसभा क्षेत्र मे नओ प्रत्याशीक नामांकन रद्द भेल। पहिल चरण मे अठारह जिलाक एक सय एक्कैस विधानसभा सीट लेल एक हजार छओ सय अंठानवे नामांकन पर्चा भरल गेल। बीस अक्टूबर धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि। एहि चरण लेल छओ नवंबर के मतदान होयत।

---

विधानसभा चुनावक दोसर चरण लेल नामांकनक प्रक्रिया जारी अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे एनडीए आ महागठबंधनक प्रत्याशी समेत कतेको आन राजनीति दलक उम्मीदवार लोकनि नामांकन पर्चा भरलनि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उप–मुख्यमंत्री तारकिशोर प्रसाद आइ कटिहार मे नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। भाजपा सँ स्वीटी सिंह किशनगंज सँ, वीणा देवी कोचाधामन सँ, त्रिविक्रम सिंह औरंगाबाद सँ आ कविता पासवान कोढ़ा सँ नामांकन पत्र भरलनि। जदयू सँ नामांकन करयवला मे कैमूर सँ मंत्री जमा खां, अमरपुर सँ जयंतराज, बरारी सँ विजय सिंह आ कहलगांव सँ शुभानंद मुकेश सम्मिलित छथि। कांग्रेसक अवधेश सिंह वजीरगंज सँ आ मुसब्बिर आलम बहादुरगंज सँ नामांकन कयलनि। एआईएमआईएमक गुलाम हसनैन ठाकुरगंज सँ, हम के ललन राम कुटुंबा सँ, जनसुराजक रामबली सिंह कुर्था सँ आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक मोहम्मद कलीमुद्दीन बहादुरगंज तथा मिथुन यादव नाथनगर सँ पर्चा दाखिल कयलनि। ओम्हर, जदयूक बागी विधायक गोपाल मंडल निर्दलीय प्रत्याशीक रूप मे गोपालगंज सँ नामांकन पत्र भरलनि।

---

महागठबंधन मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ विवाद सतह पर आबि गेल अछि। राजद कांग्रेस के आवंटित सीट पर अपन उम्मीदवार उतारबाक घोषणा कयलक अछि। औरंगाबादक कुटुंबा विधानसभा सीट पर पार्टी कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश रामक विरूद्ध उम्मीदवार उतारबाक निर्णय कयलक अछि। एहि निर्णय पर राजेश राम अपन प्रतिक्रिया मे कहलनि जे ओ पाछां नहि हटताह आ लड़ाई सीधा होयत। एम्हर, नवादा जिलाक वारिसलीगंज सीट पर राजद कांग्रेस उम्मीदवारक विरूद्ध अनिता देवी के टिकट देलक अछि। एहि प्रकारे कतेको विधानसभा क्षेत्र मे कांग्रेस आ वाम दलक मध्य मोकाबिला हेबाक संभावना अछि।

एहि मध्य महागठबंधन मे सीट के लऽकऽ चलि रहल विवादक मध्य कांग्रेस सँ निराश नेता लोकनि आइ पटना मे बैसार कयलनि। एहि बैसार मे खगड़ियाक वर्तमान विधायक समेत आनो नेता उपस्थित छलाह। बाद मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कांग्रेस नेता बंटी चौधरी प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम आ पार्टी प्रभारी कृष्णा अल्लावरू पर टिकट बेचबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे महागठबंधन टूटबाक स्थिति मे अछि। एहि बेर पार्टी दसो सीट नहि जीत सकत।

———————————————————————————

विधानसभा चुनाव लेल एनडीए आ महागठबंधन समेत सभ राजनीतिक दल चुनाव प्रचार तेज कऽ देलक अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ हरियाणाक मुख्यमंत्री नायब सिंह सैनी कटिहार आ सुपौलक त्रिवेणीगंज मे पार्टी प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा कयलनि। ओतहि, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ गुजरातक मुख्यमंत्री भूपेन्द्र पटेल अरवल मे जखनकि, ओडिशाक मुख्यमंत्री मोहन मांझी बांका आ गोवाक मुख्यमंत्री प्रमोद सावंत मधुबनी मे आयोजित चुनावी सभा मे सम्मिलित भेलाह। एम्हर, राजद, कांग्रेस आ वाम दल दिस सँ सेहो चुनाव प्रचार तेज भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

लोक जनशक्ति पाटी रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान आइ पटना मे भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सँ भेट कयलनि। बाद मे ओ पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे श्री शाह के संग चुनावी रणनीति आ चुनाव प्रचार विषय पर विचार–विमर्श भेल।

———————————————————————————

भाकपा–माले विधानसभा चुनाव लेल बीस उम्मीदवारक सूची जारी कयलक अछि। एहि मे पहिल चरण लेल चौदह आ दोसर चरण लेल छओ उम्मीदवारक नाम सम्मिलित अछि।

———————————————————————————

आइ धनतेरस मनाओल जा रहल अछि। ई दिन धन त्रयोदशी आ धनवंतरी जयंतीक रूप मे सेहो मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर आइ श्रद्धालु लोकनि भगवान धनवंतरीक पूजा–अर्चना कऽ रहल छथि। सोना–चानी आ आनो आभूषणक संग बर्तन–बासनक दोकान पर खरीददारी करबाक लेल भीड़ देखल जा रहल अछि। मानल जाइत अछि जे एहि सँ घर मे सुख–समृद्धि आ सौभाग्य मे वृद्धि होइत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के धनतेरसक शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।